



Depatman Transpò Florid

RON DESANTIS
GOVERNOR

1000 NW 111 Avenue
Miami, FL 33172

JARED W. PERDUE, P.E.
SECRETARY



SR 9A/I-95 PD&E STUDY

AVI POU ATELYE PIBLIK POU SOLISYON ALTÈNATIF

**State Road (S.R.) Etid sou Pwojè Devlopman ak Enpak Anviwònmanal (PD&E)
9A/I-95**

**Apati sid NW 62 Street pou rive nan nò NW 143 Street
Konte Miami-Dade, Florida**

Nimewo Jesyon Finansye: 414964-8-22-01

ID Idantifikasyon Pwojèd Èd Federal: D 624-022-B

Nimewo pou Desizyon Efikas Konsènan Transpò (ETDM): 14418

Distri Sis nan Depatman Transpò Florida a (Florida Department of Transportation), ap òganize yon Atelye Piblik pou Solisyon Altènatif, pou Etid S.R. 9A/I-95 PD&E soti nan sid NW 62 Street pou rive nan nò NW 143 Street, nan Konte Miami-Dade, Florida. Prensipal objektif pwojè a se jere ensifizans operasyonèl yo yon fason pou diminye blokis aktyèl ak blokis alavni yo toutolon koridò S.R. 9A/I-95 la.

Atelye la ap fèt alafwa an pèsòn epi sou fòm vityèl apati 6 p.m. nan dat ki ap mèkredi 23 septanm 2026 la.

Asiste an Pèsòn

Patisipan yo kapab asiste an pèsòn nan **Miami Shores Community Center, 9617 Park Drive, Miami Shores, FL 33138**. Pou enskri, ale sou: <https://tinyurl.com/In-Person-APW>.

Asiste sou Fòm Vityèl

Pou patisipe sou fòm vityèl depi sou òdinatè, tablèt, oswa esmatfòn ou, tanpri, itilize lyen ki vin apre a pou w enskri: <https://tinyurl.com/Virtual-APW>. Epitou, patisipan yo kapab rele lè yo konpoze **+1 (305) 224-1968**; Idantifyan konferans lan se **811-1587-8192**.

Nan atelye a ap gen yon prezantasyon ofisyèl ki ap kòmanse a 6:30 p.m. apres, ap gen yon seyans kesyon repons. Manm pèsonèl la ap disponib pou reponn kesyon yo, nan lòd yo poze kesyon yo epi si tan an pèmèt sa. Si yo pa reponn kesyon w yo pandan evènman sa a, w ap resevwa yon repons alekri apre atelye travay la. Prezantasyon an ap bay yon apèsi konsènan diferan opsyon yo pwopoze pou pwojè a, san wete ensidans sosyal yo ak enpak yo sou anviwònman an. Moun ki vle soumèt deklarasyon alekri depreferans oswa anplis deklarasyon vèbal yo, kapab fè sa nan reyinyon an oswa lè yo voye yo bay Espesyalis pou Sansibilizasyon Kominotè a, Monica Diaz, nan (305) 9842715 oswa pa imèl nan monica@iscprgroup.com. Tout deklarasyon ki gen mak lapòs epi ki gen dat 3 oktòb 2026 oswa anvan yo, ap vin fè pati dosye atelye a.

FDOT ap reyalize oswa te deja fè etid anviwònmantal, konsiltasyon, ak lòt mezi ki obligatwa selon lwa federal ki aplikab nan domèn anviwònmantal pou pwojè sa a, an konfòmite ak 23 U.S.C. § 327 ansanm ak yon Pwotokòl Dakò ki gen dat 26 Me 2022, Administrasyon Federal pou Otowout la (Federal Highway Administration, FHWA) ak FDOT te siyen.

FDOT ankouraje patisipasyon piblik la san okenn diferans ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, laj, sèks, relijyon, andikap oswa sitiyaasyon famiyal. Moun ki bezwen èd espesyal sou baz Lwa 1990 pou Ameriken ki gen Andikap yo, oswa ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis), dwe kontakte Yulet Fernandez, P.E., nan (305) (470) 5219 oswa voye yon lèt bay FDOT, 1000 NW 111 Avenue, Miami, FL 33172 oswa pa imèl nan Yulet.Fernandez@dotstate.fl.us omwen sèt (7) jou anvan reyinyon an.

Si w vle aprann plis sou pwojè sa a, tanpri kontakte Espesyalis pou Sansibilizasyon Kominotè a, Monica Diaz, nan (305) 984-2715 oswa pa imèl nan monica@iscprgroup.com. Epitou, ou kapab ale sou sit entènèt pwojè a nan www.southflroads.com/sr9apde.



Depatman Transpò Florid

RON DESANTIS
GOVERNOR

1000 NW 111 Avenue
Miami, FL 33172

JARED W. PERDUE, P.E.
SECRETARY

